



Konesans sou Finans

Kisa konesans sou finans ye?

Konesans sou Finans se yon ansanm konpetans ak konesans ki pèmèt yon moun pran bonjan desizyon ak lajan li.

Kredi

Lè ou gen bon kredi, sa enpòtan pou avni ou ak lajan. Bon kredi ka ede ou ekonomize lajan apre yon tan epi ogmante chans ou pou jwenn yon kredi, lwe kay, ak bese pri asirans ou. Fòk ou peye bil ou yo atan pou w gen bon kredi. Peye omwen minimòm ou dwe a avan dat limit la. Kòmanse peye sou kont ou genyen ki an reta yo.

Ekonomi

Lè ou jwenn fason pou w sere lajan, sa ka pote plis sekirite ak yon lespri ki poze. Apre ou kòmanse sere lajan, li fin pi fasil. Avan ou menm reyalize li, ou nan wout pou fè rèv ou yo vin yon realite. L ap enpòtan pou ou ekonomize pou w ka pwoteje tèt ou sizoka ta gen yon pwoblèm sanzatann, tankou si ou pèdi yon travay, ou vin andikape, ou bezwen repare machin ou, ou tonbe malad, oswa ou gen yon lòt finansye ijan.

Labank

Lè w ouvri yon kont labank oswa avèk yon koperativ, sa se yon bon fason pou w mete lajan ou an sekirite. Lè pou w depoze, chanje chèk, ak lòt sèvis labank sa ta dwe gen plis sekirite ak pi bon mache. Evite sèvis ak kont ki gen gwo frè epi ou pa ka evite yo.

Dèt

Dèt koute lajan epi li ka gen yon move enpak sou kredi. Peye dèt ki koute anpil yo avan. Kenbe balans kat kredi ou yo ba. Dispite bagay ou wè nan rapò kredi w ou pa rekonèt. Eseye evite dèt. Si w ap eseye soti nan dèt, mande konsèy finansyè pou kreye yon plan ki abòdab pou ou.

Rele Sante Endepandans Finansye yo jodiya. Sa a se yon sèvis gratis Minisipalite Vil New York la. Ou kapab mande sèvis lengwistik lè w rele nan nimewo ki pi ba a.

Sant Endepandans Finansye

www.sharedprosperityphila.org

1 -855 -346-7445